



Nhungamiro

**MAERANO NETSIKA YE
KUSHANDISWA KWEVANA
PABONDE**

Zvita, 2019

Book iyi yakabudiswa zvichibva parubatsiro rwemari rwakabva kuSwedish International Development Cooperation Agency (Sida) ne Oak Foundation.

Tinoda kupa futy kutenda Taiwan Renaissance Foundation vakaita kuti chironzwa ichi chibudirire burikidza nemari yavatipa.

Pfungwa dzakanyorwa mubook iyi dzakabva ku ECPAT International. Rutsigiro kubva kune vanobatsira (Donors) harusanganisire maonero avo maererano nepfungwa dzakaparurwa mubook iyi.

Dhizaini nekurongeka kwebasa iri kwakaitwa na **Manida Naebklang**

Mashoko kubva mubook iyi anofanirwa kutorwa bedzi kana munhu achinge akumbira mvumo ku ECPAT International uyezve nekubvuma kuti mashoko ECPAT International kana zvikaitika kuti pane aashandisa.

© ECPAT International, 2019

Translations by:

MARVELOUS. K. MAGUNE
23876 Umvovo, Chegutu Zimbabwe
Tel: +263 772426507/+263719426506

Published by:

ECPAT International
328/1 Phaya Thai Road, Ratchathewi,
Bangkok, 10400 Thailand
Tel: +662 215 3388 | www.ecpat.org | info@ecpat.org

Kutenda

Nhungamiro idzi chibereko chemubatanidzwa wezviringwa pakati pe Chung Cheng University Taiwan, ECPAT Taiwan and ECPAT International.

Mubatananidzwa uyu uripo kuvandudza bazi rinoona nezve kuferefeta zviru pamutemo mairerano nekushandiswa kwevana pabonde vachipihwa muripo. Nhungamiro idzi dzakagadzirwa nechikwata che ECPAT member organisations ne vamwewo

kusanganisira:

Amy Huey-Ling Shee (Chung Cheng University, Taiwan)

Mark Capaldi (Mahidol University)

Yi-Ling Chen (ECPAT Taiwan)

Chia-Wei Lin (ECPAT Taiwan)

Carrie van der Kroon (Defence for Children-ECPAT, Netherlands)

Tufail Muhammad (Pakistan Pediatric Association)

Joyatri Ray (EQUATIONS, India)

Barima Amankwaah (GNCRC, Ghana)

Morenike Adeoye-Omaiboje (Women's Consortium of Nigeria)

Erika Georg-Monney (ECPAT Germany)

Mark Kavenagh (ECPAT International)

Tinoda zvakare kupa kutenda kunana muzvina fudho ne nyanzvi mubazi iri vakapa nguva yavo pakubatanidzwa kwebook.

Tafura Yezvinyorwa

Nhanganya	2
Zvitungamira nheyo	3
Danho 1: <i>Vana vanofanira kuiswa mutsvakurudzo idzi here?</i>	4
Danho 2: <i>Misoro mae rerano netsika uyezve zvinotenderwa</i>	5
1. Kutorwa kwezvikuva zvine pundutso nevana	6
2. Nzira dzinotenderwa	8
3. Kubvumira kunouya nekuziviswa	10
4. Zvakava nzika	12
5. Kufugurwa kwehudzvinyiriri n'efungidzira	14
6. Miripo	16
7. Kupesana kunoitika pane zvinofarirwa	18
Danho 3: <i>Kuongo rorwa kwezvino kuvadza nezvinovaka</i>	20
Danho 4: <i>Ongororo yechikamu chechitatu</i>	21
Anekisi: Tafura yezvino kuvadza nezvinovaka	22

NHANGANYAYA

Tsvakurudzo inosanginisira vana maererano nekushandiswa kwavo pabonde inokonzera kuti pave nemivhunzo uyezve makakatanwa. Nharo idzi kana kuti makakatanwa aya akafanana kana pachitwa tsvakurudzo dzine chekuita nevanhu kana kuty mapoka evanhu varipanjodzi. Asi pane imwe nguva kune mamwewo makakatanwa akongonangana nevana vakakanganiswa burikidza nekushandiswa pabonde (ona '[Ethics of Research on Sexual Exploitation Involving Children](#)' for a review of the literature). Gwaro iri rinopa nhungamiro pakutaurirana kunoitika maererano netsika nemagariro evanhu kana vachiita tsvakurudzo idzi (kubva kunavana mazvikokota vetsvakurudzo kusvika kuvaunganidzi vezvinenge vabuda musarudzo).

Nhungamiro idzi dzinosimbisa kuti zvive nyore uye zvive zviinobatika.¹ Tsvakurudzo idzi dzinogona kuenderera mberi kubva pazvinhu zvisinga tarisirwi pa tsika dzedu kusvika zvavandudzwa. Nhungamiro idzi dzichakubatsira pakuvandudzwa kwenyu muchienda kudivi rine dzegumo wakanaka nokuenderera mberi kwetsika dzakanaka.

Nhungamiro idzi dzichakubetserai mukuratidza tsvakurudzo dzenyu muchirongwa chamunoda kuita. Danho rokutanga(1) panhungamiro ndere kudzivisa/Kutendera vana kuty vange varipachipoka che tsvakurudzo. Zvichakupai nhungamiro youkuti mugone kuyera pakati pekodzero dzevana vachizvi miririra zvizere patsvakurudzo idzi uyezve mutoro wokudzivirira zvinhinga mupini zvingawanikwa kana vana vakaregwa vachitora chikamu patsvakurudzo idzi. Vana vanokwanisa kutora chikamu mutsvakurudzo idzi burikidza nenzira dzakasiyana siyana somuenzaniso, vanokwanisa kungova vatori vezvikamu, kana kuvaita vatsvakurudzi.

Somuenzaniso munogona kuita tsvakurudzo pamusoro pevana varikushandiswa pabonde asi pasina vana varipo UN Convention on the Rights of the Child (UNCRC) ine musimbotti mina inoshandiswa pakudzivirira nokukudza kodzero dzevana. Musimbotti mina iyi inogona kushandiswa pakugadzira nepaku shandiswa kwezvirongwa zvinechekuita ne vana vanoshandiswa pabonde. musi wetsvagiridzo wacho.

- Dano 1:** *Vana vanofanira kuiswa mutsvakurudzo here?*
- Dano 2:** *Chikamu chetsika nemagariro*
- Dano 3:** *Ongororo yezvi nhinga mupini nezvino batsira*
- Dano 4:** *Ongororo yechikamu chechitatu*

Dano rokutanga(1) Kana richinge raitwa atsvakurudzo, zvinoita kuti upfurire mberi kuenda, ku Dano 2 rinova rinosanganisira zvikamu zvinomwe zvetsika zvinoda kuti pfungwa dzidzamiswe zvino sanganisira dhizaini, kuitwa kwebasa racho uyezve nekuwongorora zvikamu zve tsvakurudzo dzako. Dano 3 re nhungamiro ndere kuongorora zvinhinga mupini Vana vanofanira kuiswa atsira Kune musimbotti miviri inofanira kutungamirira zvirongwa zvinosanganisira vanhu vakuru inofanirawo kushandiswa kuvana vadikiwo: Kuderredza Njodzi.

Musimbotti wekuderredza njodzi unokurudzira kuti vanoita tsvakurudzo vadzivirire vana kubva panjodzi dzekomisheni nedzekuzvi sarudzira. Kana zvika itika kuti pane njodzi inogona kuvapo, chironzwa chinofanira kuti chimbomiswa. Zvinotendeseka kuti hazvigone kuitira zvirongwa munharaunda dzisina njodzi nekuti njodzi dzinongoitika musina kutarisira. Asi kunyange zvakaaro, njodzi dzingangoitika dzinofanira kunge dzatotsvakirwa nzira dzekudzivirira kuitira kuti njodzi dzishaye wadinokuvadza. Musimbotti uyu unokurudzirawo kuvatsviki vetsvakurudzo kuti vashinge kuchengetedza chimiro chevana, kodzero nechimiro chevana kana vachiita tsvakurudzo. 3 nezvino batsira pachirongwa chetsika chinova pazvikamu zvinomwe zvakaniswa. Kana izvozvo zvoze zvichinge zvaitwa, kunofanira kugadzirwa nhungamiro yakareruka yezvino zvinodikanwa kuchirongwa chienderere mberi uye chinge chiri pamutemo ne tsika uye magariro avanhu, izvi zvinobatsira kunoona kana paine budiro pachirongwa.

Dano rokupedzisira rakakosha, rinoda kuitwa nemazvo uyezve ne ongororo yenhengo yechitatu. Kugoverwa kwetsvakurudzo yechirongwa nevamwewo vana mazvikokota vekunze kunosika kuti vamwe vave nekunzwisisa uyezve nokuwirirana ne zvinhingamupini uyezve zvakanaka zvingabuda pachirongwa ichi zvinobatsirawo kusimbaradza mazano ekuti pange pane zvinofaka zvakananda nezvi nhinga mupini zvisoma. Nhungamiro idzi hadzisi dzekungo shandisa pakutanga dzokanganwikwa nezvadzo, asi dzinofanira kuramba dzichishandiswa pazvikamu zvekuitwa nokuongororwa kwechirongwa patsvakurudzo idzi, zvinova make sure youzvinobatsira kuti vanhu varambe vari mugwara nokurambira pachokwadi chetsika dzinenge dzakatemwa.

¹ Nhungamiro idzi hadzipo kutsviva murau wenyika namakomiti etsika dzinotenderwa. Izvi zviripo kuchengetedza zvirongwa zvevana vanoshandiswa pabonde. Havasi pakukupai mhinduro asi pakukubatsira mukutsvaga mhinduro ingava inozobatsira pa zvirongwa zvinenge zvichida kuitwa.

MUSIMBOTI WOKUDZIVIRIRA

UN Convention on the Rights of the Child (UNCRC) ine musimbotti mina inoshandiswa pakudzivirira nokukudza kodzero dzevana. Musimbotti mina iyi inogona kushandiswa pakugadzira nepaku shandiswa kwezviringwa zvinechekuita ne vana vanoshandiswa pabonde.

KUSASARURA

Vana havafanire kusarurwa (UNCRC, article 2). “Mwana oga oga une kodzero dzokutaura maonero ake uyezve kugamuchirwa nemafungiro ake pasina rusaruro rwe rudzi, ganda, chimiro chake maererano nesika rudzi, mutauro, chitendero, Bato kana chipi zvacho, zvenyika, rudzi kana kwaanobva, zvaainazvo, hurema, kwaakaberekwa kana zvimwewo zvimiro”.²

ZVAKANYANYO NAKIRA MWANA

Zvakanyanya kunaka nekukosha ndizvo zvinofanira kuitwa muupenyu hwe mwana. (UNCRC, article 3).

HUPENYU, KURARAMA NE BUDIRIRO

Mapato edzinyika anofanira kuongorora kurarama, hutano nebudiriro yakakwana kuvana (UNCRC, article 6).

KUTORA CHIKAMU

Mwana oga oga unotenderwa kufunga nokutaura pfungwa dzake mune zvose zvinovanetsa wakasununguka uyezve noruremekedzo zvichienderana nemakore uyezve nekukura kwemwana (UNCRC, article 12).

Kune musimbotti miviri inofanira kutungamirira zviringwa zvinosanganisira vanhu vakuru inofanirawo kushandiswa kuvana vadikiwo:

Kuderedza Njodzi

Musimbotti wekuderedza njodzi unokurudzira kuti vanoita tsvakurudzo vadzivire vana kubva panjodzi dzekomisheni nedzekuzvi sarudzira. Kana zvikaitika kuti pane njodzi inogona kuvapo, chiringwa chinofanira kuti chimbomiswa. Zvinotendeseka kuti hazvigone kuitira zviringwa munharaunda dzisina njodzi nekuti njodzi dzinongoitika musina kutarisira. Asi kunyange zvakadaro, njodzi dzingangoitika dzinofanira kunge dzatotsvakirwa nzira dzekudzivirira kuitira kuti njodzi dzishaye wadzinokuvadza. Musimbotti uyu unokurudzirwawo kuvatsviki vetsvakurudzo kuti vashinge kuchengetedza chimiro chevana, kodzero nechimiro chevana kana vachiita tsvakurudzo.³

Ruremekedzo

Musimbotti uyu unotarisa kuti vanhu vanzwisise zvido zvevana uye ruzivo rwekuti sarudzo dzevana dziri muboka hombe redunga munhu rinosanganisira, magariro, tsika, mutemo uyezve mamiriro ezvinhu zvakati poteredza. Izvi zvinosanganisirawo kuremekedza nokukudza vabati vechikamu nezvavano kwanisawo kuita, burikidza kana vachinge vapihwa ruzivo nebvumo yokutora danho mukufambira mberi kwechiringwa. Takanangana ne vana, kunodikanwa kunzwisisa kuti sarudzo yokutora chikamu inoumbwa nemasimba uyezve nekukwanisa kwavo nebudiriro.

2 Committee of the Rights of the Child, (2009). General comment 12: The right of the child to be heard. Parag 70

3 Graham, A., Powell, M., Taylor, N., Anderson, D. & Fitzgerald, R. (2013). Ethical Research Involving Children. Florence: UNICEF Office of Research – Innocenti; UNICEF (2015) Procedure for Ethical Standards in Research, Evaluation and Data Collection and Analysis. Florence: UNICEF Innocenti Office of Research; Council for International Organizations of Medical Sciences (CIOMS) & World Health Organization (WHO). (2016). International Ethical Guidelines for Biomedical Research Involving Humans, Geneva: CIOMS.; United States. (1979). The Belmont Report: Ethical Principles and Guidelines for the Protection of Human Subjects of Research. Bethesda: The Commission, Academy of Social Sciences.

DANHO 1:

VANA VANOFANIRA KUISWA MUTSVAKURUDZO IDZI HERE?

Danho rokutanga ndere kuongorora kana zvichikodzera kuti vana mbune vange vachitora chikamu mutsvakurudzo dzechirongwa chenyu. Izvi zvinoitirwa kuti kodzero yemwana yokuti vange vachinzwikwa pazvichemo zvavo uyezve zvakakosha nokuti zvinosika kunzwisisa panhau yekushandiswa kwevana pabonde nezvi nhingamupini zvinogona kuitika.

PINDURA MIVHUNZO IYI:

A

Wapedza kuongorora mamiriro enyaya iyi, une chokwadi chokuti hapana dzimwe pfungwa dziripo nechekare dzingagone kupindura mivhunzo we tsvakurudzo iyi?

P D
✓ ✕

B

Ongororo yaitwa, une chokwadi chekuti hapana imwe nzira inga shandiswa kuwana pfungwa idzi kusara kwekuvhunza kana kupinza vana munyaya idzi (somuenzaniso, kushandisa zvakambo shandiswa kare, zvinyorwa zvakachengetedzwa kana kuvhunza vechidiki vane makore 18 kana kuti anodarika).

C

Wanyatso ongorora nemazvo, unegwinya kuti vana havazo remerwe nemutoro webasa? (somuenzaniso, kusaenda kuchikoro, kupedza zvikamu zvikawanda zvema pepa aya).

D

Wanyatso ongorora nekuvhunza vana mazvikokota, une gwinya rekuti hapazove nenjodzi ingawira vana kana vakatora chikamu patsvakurudzo idzi?

E

Kana kusangana nana mazvikokota vari muminda yakasiyana kwaitwa ne kuonana nevakapukunyuka panjodzi, une gwinya rekuti hapazovi nekukanganisika kwenjere dzevana kana kushungurudzika mushure mekunge vatora chikamu mutsvakurudzo idzi?

F

Panguva yechirongwa ichi, pane here nzvimbo dzekuti vanenge vashungurudzika vabatsirwe uyezve nzvimbo dzekuti vana vange vachibatsirwa zvakawana ?



Kana paine pawapa mhinduro yekuty kwete (NO) pane mibvunzo yavhunzwa, zvinoreva izvo kuti vana havafanire kutora zvikamu patsvakurudzo idzi. Panoda kuti dhizaini yetsvakurudzo idzi dzigadziriswe kuti dzikwanise kupindura nyaya dzataurwa umu.

Kana wapindura yose mivhunzo naHongu (YES), enderera mberi padhano

rechipiri (2).

DANHO 2:

MUSORO MAERERANO NETSIKA NEZVINOTENDERWA

Mapeji manomwe emisoro yetsika nezvinotenderwa anosanganisira chidimu chetsanangudzo chichiteverwa ne hochekeche ynodemabasa etsika dzezvinotenderwa zvinoda kuti zvizadziswe.

Verenga misoro minomwe iyi nekuzadzisa basa iri. Kana zvichigoneka uye kudikanwa, panoda kuti dhizaini yetsvakurudzo igone kupindura basa rakapihwa sekudikanwa kwazvinoita.

1. KUTORWA KWECHIKAMU KWAKAKWANA NAVANA

Kutora chikamu kwavana patsvakurudzo dze kushandiswa kwavo pabonde kwakakosha zvikuru pakuva dzivirira pachavo ivo uyezve nekune vamwe. Vana pane dzimwe nguva vanoona zvakafanira uye zvakavanakira kuti vabvunzwe mivhunzo isiri yezera kana kuti inomutsa shungu ne vanhu vakuru maererano nemaitiro avo zvinhu, nyaya idzi pane dzimwe nguva dzinoita kuti vashorwe nekutukwa sezvo zviru zvinhu zvinenge zvisinga tairsirwe patsika nemagariro emunharaunda mavanogara. Tsvakurudzo dzinosanganisira vana varimu chimiro ichi dzinogona kukonzera kuti pazove nekutorwa kwezvikamu ne vana zvinova zvinozo sika kuti pave nekunzwisiswa kwevana uye mazwi avo anyanyise kunzwikwa pakodzero uye ne pane zvisuwiro zvavo, izvi zvakana kana nekuti zvinoita kuti tsika dzakashata dzinokonzera kushungurudzwa kwevana dzipere-kana zvichiitwa nemazvo kuitira kuti vana vasa sangane nenjodzi. Kune nzira dzakasiyana siyana dzekupinza vana mutsvakurudzo: vano kwanisa kungo pindura ku mivhunzo inenge ichivhunzwa nevatsviki vetsvakurudzo,

Basa netsika dzinotenderwa

1.1

Vana vanofanira kupihwa ruzivo rwakakwana maererano nezvinowanikwa patsvakurudzo idzi, basa nezvino tarisirwa kwavari uyezve zvingango sanganikwa nazvo nevana, izvi inobatsira kuti vana vaite sarudzo vane ruzivo rwakakwana vasati vatora zvikamu mutsvakurudzo idzi. Ruzivo urwu runofanira kunge ruchiparurwa ku ne zvinodiwa nekunzwisiswa nevana somuenzaniso. Kune vana vasinga gone kunyora kana kuverenga, kumbeveve, kune mwana ane makore mana neuyo una makore gumi nenhanhatu zvichingodaro.)

1.2

Pamagariro evanhu netsika panewo hunhu netsika dzinotarisirwawo kuvana zvinofa zvinogona kupesvedzera dhizaini ye tsvakurudzo kana kuti chironzwa chinogona kunge chichipesana ne tsika dzevanhu. Kana njodzi iyi ichitendwa, kunoda kuti zvinyatso tsanangurwa kuvatori vechikamu.

1.3

Ivai nechokwadi kuti vabereki kana vanogara ne mwana vane ruzivo rwakakwana maererano nezviri mutsvakurudzo inoda kuitwa, nzira ichashandiswa kuwana tsvakurudzo idzi, zvikamu zvinoitwa nevana uye zvinotarisirwa kubva kwavari uyezve zvinhinga mupini zvingango wira mwana pakuenderera mberi kwechikamu, izvi zvinoitirwa kuti paitwa zano rokuti vange varipa chipoka chechironzwa kana kuti vasapinde mutsvakurudzo idzi.

1.4

Tsvagai nzira dzinga gone kushandiswa ne vana kana vachi tora zvikamu mutsvakurudzo idzi. Semuenzaniso: kungopindura mivhunzo chete, kana kuti zvafanira uye kuchengetedzeka here kuti vana vange vachibatandzirwa zvakadzika dzika mudhizaini kana kuty mutsvakurudzo? (Somuenzaniso: Vechidiki venenge vakambo shungurudzwa vachiri vadiki uyezve zvinobuda musarudzo patsvakurudzo zvinokonzerwa nemapoka akasimba nokubatana).

kana kuti vanogona kuva vabatsiri kuva tsvaki ve tsvakurudzo vova nepfunga ndivo vanounganidza pfungwa kana kudzi ongorora. Komiti yekodzero dzevana inokurudzira zvinhu zvisihanu (5) kumapazi ehurumende: Kutorwa kwechikamu chakakwana nevana: kupa ruzivo rwakakwana; kupihwa mukana; kusaita dambe nemashoko evana, kuudza mwana zvingango buda musarudzo; Kuwana mukana wekupindura mivhunzo inovhudzwa ne vana.⁴

Kutsvaga chiyero chakaringana pakati pe nheyo yenhungamiro inova “yezvakanyanyo nakira “;” kutora chikamu “nekudzivirira njodzi ndizvo zvinotenderwa pamusoro pebasa iri. Dzimwewo njodzi dzinogona kubvumwa kana zvakanakira kuti zvikamu zvipihwe kuvana zvakanakira kudarika njodzi dzinogona sanganyika nadzo. Zvisinei, vatsviki vetsvakurudzo vanofanira kupa vana nevariritiri vavo ruzivo rwakakwana rwezvinhu zvanoda kwavari kuitira kuti ivo vazvi sarrudzire vega.

1.5

Cherekedza kuti mamiriro enharaunda, nzvimbo, rudano kunharaunda yeku torwa kwezvikamu, nguva neawa inoda kuitwa nazvo zvikamu inofanira kuzivikanwa uye inofanira kunge ichikodzera kuvana.

1.6

Nanzererai nekubata nesimba zvinhu zvinotaurwa navana. Izvi zvosanganisira mhinduro dzinobva kuvana maererano nekusarudza kwavo nzira dza vanoda kushandisa kugadzira dhizaini yekutora chikamu. Kana zvakanakira panodikwanakuti mhinduro dze dhizaini yetsvakurudzo dzibve kuvana kana kuti dziitwe nevana.

1.7

Iva nechokwadi kuti mwana unoziva zvichabuda patsvakurudzo idzi.

1.8

Panoda kuti pange pane kuchengetedzwa kwakakwana kwevana pa nyama nepa pfungwa maererano nekushandiswa pabonde. (Tarisa zvikamu zvinotevera).

4 Committee of the Rights of the Child, (2009). General comment 12: The right of the child to be heard. Parag 21 and Lansdown G.I., (2005). The evolving capacities of the child. Innocenti Research Centre, UNICEF/Save the Children, Florence.

2. NZIRA DZINOTENDERWA

Chikamu ichi chinotarisisa pamusoro pebasa rinotenderwa uye rinoda kuitwa kana pachitwa dhizaini uyezve nzira dzichashandiswa mukuita hurukuro nevana patsvakurudzo maererano nekushandiswa kwevana pabonde. Pane zvinhinga mupini zvakanwanda zvinogona kuitika nokuda kwe nzira inoshandiswa kutsvaga tsvakurudzo idzi. Pamusoro paizvozvo, zvinoda kuongororwa nekugadziriswa zvinofanira kuitwa

Basa netsika dzinotenderwa

2.1

Mutauro unoshandiswa pakutsvaka nokuwana ruzivo unofanira kunge uchisanganisira vanhu vose, usina kutonga kana kupa mhosva uyezve uchiwirirana nezvinotaurwa ne boka revanhu vari patsvakurudzo idzi. (zera, chimiro chokuva murume kana mukadzi, tsika nemagariro).

2.2

Mutauro unoshandiswa haufanire kutaridza vana sevakambo shungurudzwa, izvi zvinozopa kuti vazvidye moyo kana kuti vazvitsvaure.

2.3

Boka revanotsvaga tsvakurudzo rinofanira kunge rine vanhu vazere nehunyanzvi mumapoka akasiyana siyana ezvevana (somuenzaniso: budiriro yemwana, kusataura zvinobata kana kusimudza shungu maererano nekushandiswa kwevana pabonde uyezve kudzidziswa kutaura ne vana vanenge vane zvino vashungurudzauyezve nekuva parurira zvinotaurawo mutemo wevana maererano nezvinenge zvichida kutsanangurwa).

2.4

Panoda futi kuongororwa nekutenda chimiro chemunhu chokunge ari mukadzi kana murume uyezve vanotsvaka ruzivo.

2.5

Pawanikwa nzira dzekutapudza pesvedzero dzehukama unemakaka tanwa (somuenzaniso: zvinhu zviru shure kwemagariro nebudiriro yevanhu, tsika) pakati pevatori vezvikamu zvekuita nazvo tsvakurudzo, uyezve nharaunda ikuda kuitirwa tsvakurudzo idzi (zvine ushamwari nevana, hurongwa huno tungamirirwa nevana).

2.6

Unofanira kuwana tsigiro kubva kuna chiremba wepfungwa kana ani zvake aneruzivo uye akadzidziswa maererano nezvekubatsira vanhu vanenge vakashungurudzwa pabonde (Kunyangwe zvavo vasiri patimu ikuita tsvakurudzo) kuti vangone kubatsira vanenge vachitora zvikamu kana vachinge varatidza kushungurudzika pahurukuro dzavanenge vachiita navo.

2.7

Vatori veruzivo vanofanira kudzidziswa kuverenga nekucherechedza zviito zvine chikuita nemakore emwana, zvinowonekwa kunge zvisina kutaurwa uyezve ne njodzi dzinga gone kumuka nekuda kwemuitirwo webasa iri.

2.8

Kana ukaongorora vatapi veruzivo burikidza ne kuvadzisisa uye nekuona vachidzokorora zvadzidzisiswa uchagona kuona panenge pachiresvewa kana kuti panenge pachitaurwa mutauro usiririwo kuvana vanogona kunge vakambo sangana nekushungurudzwa.

2.9

Onyatso teverera mutemo unochengetedza vana mukusarudza vatapi veruzivo.

panguva ye dhizaini yetsvakurudzo yechirongwa ichi. Izvi zvinosanganisira kushandiswa kwemashoko ekutonga kana kutuka; kusiyana kwechimiro chemunhu kana kusiyana kwamakore pakati pevanhu vano tsvaga tsvakurudzo nekutora zvikamu zvinova zvinozoita kuti vana vasa sununguke zvopa kuti vatadze kutaura; kufungir anekuva nerusarura pama poka evana; Kushaikwa kwemiganhu nemwero pakama hwe vanhu vakuru nevana vanenge vakambo shungurudzwa; kana kuisa ruvimbo rwekuti vanoita tsvakurudzo vafunge kuti vangagine kupedza dambudziko rinenge rasimuka.

2.10

Nzira yekutsvaga nayo ruzivo (sedunga munhu kana seboka) inoita kuti pfungwa dzevana dzinge dzaka gadzikana uyezve nhema dzingazo pakurirwa vamwe.

2.11

Nzvimbo yakafanira kuitirwa tsvakurudzo inofano kunge yawiriranwa nemwana kana vana varikutora chikamu.

2.12

Sarudza vanenge vachitora chikamu panguva iyi. Kunyange zvichiitiwa pakavanda panofanira kuva nehurongwa hunodzivirira vana, (zvofanira kuonekwa nevamwe, hapafanire kuva nevanhu vakuru chete pavana). Yambiro inoda kupihwa zvekare kumunhu mukuru kuti asange arioga nemwana kana kunge vakapfingirwa kana kuti vari pasingaonekwe nevamwe.

2.13

Panoda kuti paitwe zvekare mabhajeti ekupa vana vanenge vatora zvikamu mari dzemabhazi.

2.14

Nzira yokuwana nayo ruzivo runofanira kuva rakareruka uye rwakasununguka kumunhu anatora chikamu patsvakurudzo uyezve ruchienderana nezera nekukwanisa kwevatori vezvikamu.

2.15

Nanzerera mitemo yakafanira nezvinotarisirwa, kana iripo, maererano nekumhangara kushungurudzwa kwevana kumapurisa. Kana zvichikodzera kuti zvimhangarwe, unofanira kuzivisa vatori vezvikamu usati wakumbira bvumo uyezve kuvaudza kuti kumhangara uku kunozo fambiswa sei uyezve kuti mwana anozo pinzwa kana kusapinzwa munyaya idzi. Nanzerera zvekare kuti kumhangarwa kwenyaya kumapurisa kunozo chengetedza herekodzero dzemwana.

2.16

Kuziviswa kwemaitirwo emvumo kunofanira kupa tsananguro yakaza inoratidza panofanira kugumira boka rinenge richiita tsvakurudzo uyezve tsananguro yepano tenderwa kubudisa nekusabudisa zvakavanzika zvene chekuita nevana (somuenzaniso: Kana kumhangara kuchitodiwa kuti tsvakurudzo iyi ive ichinzi ndeye chokwadi uye humbowo).

2.17

Chirevo chokupedzisira chetsvakurudzo chinofanira kuva nechikamu chinoratidza nzira yakashandiswa kugadzira dhizaini yegwaro iri, zvakashandiswa patsvakurudzo idzi, zvakatadzikwa uyezve tsika dzinotendwa.

2.18

Dongonedza nzira yauchange uchishandisa kupa mhinduro ye tsvakurudzo kuvaiti vezvikamu (somuenzaniso: Kupa vaiti vezvikamu zvirevo zvokanyora mumanzwi aogona kuverengwa ne kunzwiswa nevana).

3. KUZIVISA KWAKAKWANA PATSVAKIKO YE MVUMO

‘Kupihwa mvumo’ kuno sanganisira kupihwa mvumo zviru pamutemo kuti pagone kutorwa zvikamu pachirongwa chinoda kuitwa. Kune dzimwe nyika kuno tsvakika pamutemo kuti munhu anoda kuita tsvakurudzo kuvana vari pasi pemakore gumi nesere apihwe bvumo asati atanga tsvakurudz. Kana pachitwa tsvakurudzo dzinosanganisira vana panotsvakika kuti pakumbirwe bvumo kubva kuvabereki kana variritiri vemwana nekuti pamutemo vana havana hukuru wekugona kuzvimirira sezvo pane rimwe bokarevana vakambo shungurudzwa kana kushandiswa pabonde vanenge vachiriritirwa nevabereki vavo.⁵

Pane imwe nguva mwana anenge achigara nekuzviriritira oga (somuenzaniso : achizvi shandira, akatama kumba, achigara mumigwagwa) anogona kungo domewa semunhu mukuru kunyangwe hake ari mwana, munhu akadai anokwanisa bvumirwa zviru pamutemo kuti asatsvage bvumo kumubereki. Asi sarudzo iyi inoda kuitwa munhu anyatso fungisisa nekuvhunza nezvazvo kunana mazvikokota.

Chero zvazvo zvisinga nyanyo kukumbirwa pamutemo, maerarano netsvakurudzo dzine chekuita nevana,

Basa netsika dzinotenderwa

- 3.1 Kunokumbirwa kuti pave nekuongororwa kwemutemo we nyika yaunoshuvira kuitira tsvakurudzo maererano nemadanho angadiwa kuti upihwe mvumo kubva kuvabereki/variritiri/vana.
- 3.2 Panodikanwa nzira iri ppamutemo yakanaka yekupihwa nayo mvumo kubva kuvabereki/variritiri (pachi nanzererwa kuti zvimwe kuda vanenge vasinga gone kunyora kana kuverenga) pasina kufurirwa kana kumanikidzwa.
- 3.3 Mudhizaini yako munofanira kuratidza nzira dzaucha shandisa kuwana mvumo kana kuri kwekuti mubereki kana kuti muriritiri anogona kukuvadza mwana.
- 3.4 Unofanira kugamuchira pesvedzero dzingangobva pa zvino tarisirai kumurume kana kumukadzi, kusiyana patsika ne magariro uyezve zere zvinogona kusunungura mwana kuti agone kupa mvumo.
- 3.5 Kuve nenzira yekuwana ruzivo runotendwa uye rinoenderana nezera revatori vezvikamu, runowirirana nevana uye rusina kumanikidzwa, kufurirwa kana kudzinirirwa.
- 3.6 Ine nhanganyaya dzinonzwisika maererano nezvinoitwa kana mwana achida kutora chikamu asi vabereki vasingade kana kuti vabereki vachida mwana asingade.
- 3.7 Chirongwa ichi chicha chengeta rekodhi (yakanyorwa kana kuti yakatapiwa) yemvumo yeumwe neumwe yekuti ange achitora chikamu (zvichi chengetedzwa pakasiyana kuitira kudzinirira zvakananzika zvisinga fanire kuzivikanwa nevanhu).
- 3.8 Ruzivo rwuno nzwisika rwuchaparurwa muzvinyorwa uye nemuromo (Chikonzero chetsvakurudzo, nguva ichatorwa pakuita tsvakurudzo idzi, zvakananzika zvisinga fanire kubuda pachena, zvinyorwa zveviripo inogona kuvapo, mushandisirwo uchaitwa zvinenge zvabuda mutsvakurudzo, kusuduruka kana kupa chichemo) kuvabereki ne kuvariritiri kana pachitsvagwa mvumo.
- 3.9 Ruzivo rwunonzwisika uyezve rwunoenderana nezera (chinangwa chetsvakurudzo, nguva ichatora tsvakurudzo kuti dzipere, zvakananzika zvisinga fanire kubuda pachena, zvinyorwa zveviripo inogona kuvapo, mushandisirwo uchaitwa zvinenge zvabuda mutsvakurudzo kusuduruka kana kupa chichemo) rwuchaparurwa muzvinyorwa uye nemuromo) kuvana kana pachidiwa mvumo.

5 Somuenzaniso, WHO inodongonedza kuti kana pasina mitemo iripo yetsvakurudzo hwehutano hwepabonde, vana vabva zera nekukura vanoziva chinangwa chezvidzidzo zvehutano hwepabonde vanokwanisa kupa mvumo vega. WHO (2019), Conducting research on reproduction health involving adolescents.

zvakausha uye chiito chakango naka chokukumbira bvumo kubva kuvana vanonenge vachitora zvikamu patsvakurudzo. Kuwanikwa 'kwemvumo' kunoreva iko kubvuma kwevana kutora chikamu patsvakurudzo (kwete kungo funga kuti vanoda kutora chikamu nekuda kwekuti vabereki vabvuma asi ivo pachavo). Pamutemo, vana vanekodzero yekutora chikamu, asiwo zvekare pamutemo iwowo futi venewo kodzero dzeburitsa kana kusabudisa pfungwa dzavo.⁶ Izvi zvinoreva kuti mwana haafanire kunyengerwa kana kupiwa pesvedzero kana kudzvinyirirwa kuti atore chikamu patsvakurudzo.⁷

Kuti pawanike mvumo, panotsvakika kuti vabereki kana variritiri vemwana vaudzwe zvizere maererano ne tsvakurudzo dzinenge dzichida kuitwa. Kuvana, kunofanira kuti kutsanangurwe nemashoko anganzwiswa zvichienderana nezera uye manzwisisiro avo emamiriro enyika (usinga kanganwi kutarisa kukura, hunyanzvi hwavo pamatauriro, hurema hungavepo, kushungurudzwa kwavo uye danho rekupora kwavo). Kunoda zvekare kuti kutsanangurwe kuvana kuti kusabvuma kutora chikamu kana kusiya chikamu chiri pakati hakuna kuipa uye hapana chakipa chinga zowira mwana mune ramangwana rake. Mvumo inogona kupihwa nehuchapupu wemuromo (kubva pakuverenga achidanidzira zvakanorwa kana mukutaurirana) kana muhunyorwa wakagadzirwa).

3.10 Ruzivo rwaunopa runoiswa pachikero zvichiitirwa kuti paonekwe kuti ruonekwe kuti rwakafanira uye kuti rinonzwisiswa ne boka rakaangwa.

3.11 Ruzivo urwu harufanire kusimudza rutendo kuvanhu nekuvaonesa zvavanga dai vachizogona kuwana kana kupihwa kana vachinge vatora chikamu patsvakurudzo kana kushandiswa kwezviwanikwa zvingadai zvichiwanikwapo.

3.12 Vashandi patsvakurudzo idzi vachadzidziswa kuti vanokumbira mvumo sei kuvabereki nekuva.

3.13 Njodzi dzakaongororwa dzinogona kumuka burikidza nekutora zvikamu patsvakurudzo zvichibva nekuvhunza mapazi anoona nezve vana (anosanganisira maNGOs emuno munyika anoona nezve vana, vanopa masevhisi kuvana uyezve vana pachavo) uyezve nekutsanangurira izvi kuvabereki, variritira uyezve ne vana pachavo.

3.14 Kutsanangura kuti kutora chikamu ndekwe upi ne upi anoda hake uyezve mhinduro kana zvabuda musarudzo zvinogona kushandiswa kutaura pfungwa pasina chinhu chakaipa chinga itike.

3.15 Kupa number dzerunhare zvinova zvinotendera kuti pazovhunzika mivhunzo kana rumwewo ruzivo rungade rwuchida kuzivikanwa nevataoi veruzivo kuti azoshandisa ega.

3.16 Pakatorwa madanho ekuona kuti vatori vezvikamu havana kumanikidzwa kuti vaite hongu.

3.17 Pakagadzirwa nzira yekukuudzai nezve chironzwa ichi uyezve kupa vanhu vakuru uye vana nguva yekufunga vasati vatora chikamu.

3.18 Kupihwa mvumo neruzivo rwakakwana kunoonesa kunetsa nekutambudzika kunogona kumuka uyezve nekuona kuti kusimudzirwa kungawanikwe kupi.

6 Article 12 UN CRC and Committee of the Rights of the Child, (2009). General comment 12: The right of the child to be heard. Paragraph 22.

7. Committee of the Rights of the Child, (2009). General comment 12: The right of the child to be heard. Paragraph 22.

4. VAKAVANZIKA ZVISINGAFANIRE KUBURITSWA PACHENA

Vatori vezvikamu vose patsvakurudzo idzi vane kodzero yavo yekuti zvakavanzika zvavo zvisabutitswa pachena. Patsvakurudzo dzino sanganisira kushandiswa kwe vana pabonde, panoda kuti pananzererwa zvikuru kuti ruzivo rwekunge pane vana patsvakurudzo idzi vakambo shungurudzwa vodzivirirwa kuti zvakavanzika zvinova kanganisa zvisabude. Ruzivo rine chekuita nedunga munhu harifanire kutsvagwa kana kutsvaga ruzivo rusinei netsvakurudzo yako (somuenzaniso: panoda kuti simba rakawandisa riiswe pakunanzerera kuti munhu ane akambo shungurudzwa apore pane kuti pavhunzwe nezvekushungurudzwa kwavo zvino zodzora ndangariro yezvavange vakasangana nazvo muhupenyu hwavo).

Njodzi dzinogona kusanganikwa nadzo dzinosanganisira kubuda kweruzivo rwevana runofanira kunge rwaka

Basa netsika dzinotenderwa

- 4.1 Tsvakurudzo idzi dzakagadzirirwa pakutora chikamu kwevana patsvakurudzo nekuchingetedzwa kwezvaka vanzika zvavo kana vachitora chikamu, pamwe kuda kana paine zvikonzero zvakasimba zvekuti vatsauke pamutemo yuu.
- 4.2 Nzira inoshandiswa kutapa ruzivo ndiyo inokwanisa kuchengetedza zvakavanzika zve vana, kunyanya kana zvikaitika kuti pabudiswa ruzivo rwedunga munhu (somuenzaniso: kuita tsvakurudzo mumapoka mapoka kunongona kusinga kodzere uyezve kana zvirizvo zvashandiswa panofanira kutorwa matanho okuona kuti pakuendeka kwetsvakurudzo pange pachivanzwa pakutsvagwa kweruzivo kubva kwavari. ruzivo rwedunga munhu). Vana vanofanira kuvhunzwa nzira dzavangade kuti dzishandiswe pakutsvagwa kweruzivo kubva kwavari.
- 4.3 Nzvimbo inoitirwa tsvakurudzo inofanirwa kuongororwa kuti vana hafano kunzwikwe nevamwe kana kuti mhinduro dzavanonyora pasi dzionekwe nevamwe vasipo patsvakurudzo idzi.
- 4.4 Kunyange zvakavanzika, nzvimbo inoitirwa tsvakurudzo idzi inofanira kuti inge iri panheyo yekuchengetedzwa kwevana (inofanira kuonekwa nevamwe, hapafanire kuva nevanhu vakuru chete pavana) uye kuchengetedzwa kwemitemo yakatemwa.
- 4.5 Kuvana vadiki mukana wekuti pange pane munhu mukuru anovimbiwa naye uripo kana pachitwa tsvakurudzo.
- 4.6 Nzvimbo inenge ichiitirwa tsvakurudzo idzi haifanire kunge ichiisa vana panjodzi yekushungurudzwa kana kushandiswa pabonde.
- 4.7 Ruzivo maererano ne kupihwa kwe mvumo nekuchengetedzwa kwezvakananzika zvevana kunofanira kutsanangurwa parunotangira nekukugumira.
- 4.8 Zvinhu zvose zvine chekuita nekuvaniziwa kweruzivo rwevana pamutemo (uye miganhu, yakaita seye kumhangara kunosungirwa kuti kuitwe) zvinofanira kuziviswa vatsvaki veruzivo pavanenge vachidzidziswa.

vanzika vanzika zvinoda kuti zvigare zvaoneswa pakufambakwetsvakurudzo. Izvi zvinosanganisira kusarudzwa kwevashandi, kutapiwa kweruzivo, kuongororwa kweruzivo, kugoverwa kwezvinenge zvabuda musarudzo, kuchengetedzwa kweruzivo, kutambidzwa kweruzivo, kushandiswa kweruzivo uyezve nekuraswa kwema rekodzi anova anenge akachengeta ruzivo.

Vatsvaki vetsvakurudzo vanofanira kuchengetedza kuti zvakananzika pamusoro pevanhu vavanenge vachishanda navo zvisabude. Asi pane imwe nguva kana mwana aripa njodzi, zvinogona kuitika kuti ruzivo rwemwana rwakananzika ribuditswe pachena chero zvavo pachinge paputsiwa mutemo zvichiitirwa kuchengetedza mwana. Izvi zvinofanira kutsanangura kuvana vanenge vachitora zvikamu zvbatisiswa nokuwonekwa 'pachiwoni woni'. Mitemo yenyika inogona kuvapo inenenge ichida kuti pange pachimhangarirwa mhosva dzinoitwa nevana pamutemo nezvinhu zvingangoitika zvisinga tenderwe pamutemo.

4.9

Ruzivo rwuripo pamusoro pevatori vezvikamu rinochengetwa pakasiyana neruzivo rwunenge rwawanikwa muzvinyorwas (kushandisa number dze ID nekudzi batanidza nemazita arimu ruzivo rwunenge rwawanikwa zvicha chengetwa pakasiyana uye paka chengetedzeka).

4.10

Ruzivo runenge rwawanikwa ruchachengetwa mamishini yemagetsi mumafolda anoda kuvhurwa nema pasiwedhi anozikanwa nevatsvaki vetsvakurudzo voga.

4.11

Ruzivo rwakaita zvekunyorwa pasi ruchange ruchi chengetedzwa mudzimbo dzinokiwa uye kuchengetedzwa.

4.12

Ruzivo urwu harizo goverwe burikidza nema emeri kana 'mugore rechengetedzo' nekuti pasina kuchengetedzwa.

4.13

Ruzivo rwunenge rwawanikwa rucha chengetedzwa nokuparadzwa panguva dzakatarwa (gore kusvika makore mashanu mushure mekutsikiswa kwebhuku racho).

4.14

Mazita enhema kana kuti kodhi yemutori wechikamu ndiyo ichange ichishandiswa pakunyorwa zvinenge zvichiibuda mutsvakurudzpo panzvimbo pezita chairo, izvi zvinoitirwa kuti hapana anozoziva munhu akutaurwa nezvake muzvinyorwa mbune.

4.15

Gwaro rekupedzisira retsvakurudzo rarifanire kudongonodza kana nepadiki pose vatori vechikamu (somuenzaniso: vatori vezvikamu havataurwe zvimiro zvavo uye kwavanobva kana dzidza ravo sezvo zvichizova tengesa). Zvinyorwa zvekupedzisira zvinofanira kuongororwa nekugadziriswa kuitira kuti vatori vezvikamu vashazivikanwe.

5. UGURO NEZVINO FUNGIRWA MAERERANO NEKUSHANDISWA KWEVANA PABONDE UYEZVE KUSHANDISWA KWEVANA PABONDE

Njodzi inogona kuitika kana pachitwa tsvakurudzo maererano nekushandiswa kwevana pabonde ndeyekuti vana vanogona kuburitsa zvava kasangana nazvo mumashure kana kushandiswa kwavanogona kunge vachito sangana nako kana kuti mhinduro dzavo kutotaridza kuti vanogona vakakuvadza pabonde. Unofanira kunge wakasarudza kuti uchaita sei kana izvi zvichinge zvaitika.

Kana tichitarisa nheyo yezvinhu zvakanakira mwana (ona nheyo ye nhungamiro) kumhangara kumatare emhosva kunofanira kuitwa. Unofanira kuongorora kuti nheyo yezvakanyanyo nakira mwana iyi inomuka kana honzero yekumhangari iri maererano nezvemutemo zvekudzinyirirwa kwe munhu anoshaya kana zvimwe zvingange zvichiitika pamagariro emwana uyu. Panoda kuti paongo rorwewo zvakare njodzi inogona kuwira mwana kana pakamhangariwa kumahofi emutemo pasina kuongororwa kuvepo kwehumbowo kana kubatanidzwa kwevakuru vemutemo munyaya zvozova zvine magumo akaipa kumwana.

Basa netsika dzinotenderwa

5.1

Panofanira kuva nenzira yakanaka ye kuendesha vana kwavanga pihwa kana kuri kokuti vatori vetsvakurudzo vakundikana kubatsira mwana.

5.2

Vatapi veruzivo vano dzidziswa kuongorora njodzi nezvinoonekwa pamwana kana achinge ashungurudzwa, uyezve kugona kutaura nevana maererano nenjodzi dzavanenge vasangana nadzo, nzira dzekubatirana ne mwana uye kugona kupfuudza mwana kune mamwe mapazi evana anovapa rubatsiro.

5.3

Pane nzira yekuudza vatori vezvikamu zvinenge zvichida kutaurwa yakashandiswa uyezve kutendera kuti vana vataure nezve nyaye dzinomuka dzavenge vachida dzigadziriswe.

5.4

Nzira yekuudza vatapi veruzivo maererano nezvinotsvaka pakuwana ruzivo yakashandiswawo zvekare.

5.5

Pakumbiro yemvumo ye ruzivo panonyatso tsanangurwiwa vana, vabereki kana variritiri mafambisirwo enyaye kana ichinge habuda pachena.

5.6

Ruzivo pamusoro pekukumbira mvumo rinosanganisira mutemo wakanyorwa nomazvo maererano nekumhangariwa kwe mhosva pamutemo idzo dzinogona kubudiswa kana pachitwa tsvakurudzo kuvana.

5.7

Vashandi vose vari patsvakurudzo idzi vanoziva kuti pane mutemo wenyika unokurudzira kuti pange paine kumhangariwa kwenyaya dzinobuda mutsvakurudzo idzi misi yose.

Pane dzimwe nguva kumhangara kunodiwa pamutemo (zvinosungirwa kuti pamhangariwe). Kana zvaitika sekudai mutsvakurudzo yako unofanira kuzvinyora mudhizaini yako. Somuenzaniso, kana wasarudza kumhangara asi wocherechedza futi woona kuti zvinoisa mwana munjodzi kana kushaya anozomu riritira, kunoda kuti uona kuti kutora chikamu kwavana mutsvakurudzo kuno udza mhedzisiro yakanaka kana kuti yakashata. Kana pasina nzira yekubvisa mwana munjodzi iyi, zvinoreva izvo kuti unofanira kudongonedza chiitiko ichi mutsvagurudzo dzako. Somuenzaniso: Mivhunzo yetsvakurudzo dzako inogona kuvhunza mivhunzo isingakupe zvinhu zvirikunyanyo kushungurudza vana, mivhunzo yemaitiro nemafungiro evanhu pamusoro pemagariro avo panekuti muvhuzo uvhunze pamusoro pezvinenge zvaka sanganikwa nazvo. Izvi zvinoisa mubereki kana mwana azive njodzi ingagone kuzovawira kana vakaburitsa vakaitika, zvosarira kwavari kuti vabvume kutaura kana kuramba.

Tsvakurudzo yechirongwa inofanira kutsigira vatori vezvikamu kunyangwe kunyange vakasa budisa pachena asi iwe une waona chokwad. Tsvakurudzo dzezvirongwa zvekushandiswa kwevana pabonde zvinoda kuti zvinge zvine mutauro wakachena uye kunyorwa kwachirevo chekumhangara kwakanaka.

5.8

Kuti pagone kuonekwa vana varipa njodzi pavatori vezvikamu, pakashandiswa mureza mutsvuku.

5.9

Mapoka evatori vetsvakurudzo, kusanganisira nevatapi veruzivo, vanoziwa nezve budiro yemwana uye nzira dzokubatsira nadzo vana vanenge varipa njodzi, uyezve kuona kushungurudzika, maitiro avo asina mazwi anotaurwa kuti vagone kumisa tsvakurudzo dzinokodzera njodzi kana kushungurudzika kumwana.

5.10

Kana pakaitwa sarudzo yokuti pasave nekubudiswa kweruzivo rwekushandiswa kwemwana pabonde kana kushungurudzwa pasina kutendera kubva kuvatori vezvikamu, kunova kekuregwa kwemutemo unoda kuti pave nekumhangara sezvo zvinenge zviri mukodzero dzakanaka dze mwana.

5.11

Vatori vezvikamu vanogona kupihwa ruzivo maererano nekwa vagawana rubatsiro chero zvakafanzika pamusoro pavo zvisina kufugurwa. (Saka vana havamanikidzwe kukumbira ruzivo). Ruzivo urwu runofanira kuti rupiwe kumwana kuitira kuti ange asiri munjodzi akawonekwa anaro.

5.12

Kana kuri kokuti dhizaini yetsvakurudzo inotendera kuti aninani anoda kutora chikamu ange aripo, panofanirwa kuva ne nzira yekubatsira kubuda pachena kwezvinhu zvaka vanzika kunga gone kuitika.

6. MURIPO

Muripo, wemari kana wezwiwanikwa, unofanira kufungisiswa nezvawo kana pachitwa tsvakurudzo ne vana. Vatori vezvikamu vanofanira kudzosera mari dzavanenge vashandisa pakufambisa. Zvokudya nezvokumwa zvinogona futi kupihwawo kuvatori vezvikamu. Kubhdhara vatori vezvikamu hakukurudzirwe sezvo kuchizoita sekunge muripo rweruzivo rwunenge rwawanikwa, izvi zvinoita kuti paye nemivhunzo. Pane dzimwe nguva, zvipo zvidiki zvisinga nyanye kudhura zvinogona kupihwawo kuvatori vezvikamu ir nzira yekutenda.

Basa netsika dzinotenderwa

6.1

Ongorora uone kana zvakakodzera kupa vatori vezvikamu muripo.

6.2

Gwarira kushandiswa kwemuripo kana paitwa basa kunze kwekunge paine chikonzero chisvinu.

6.3

Nyatso nzvera tsika nemagariro evanhu kana uchifunga zvokuvapa muripo uyezve unofanira kuvhunza zvizere kunana mazvikokota kana kuvaiti vezvikamu pamusoro pekuda kuvapa muripo.

6.4

Sarudza nzira yekuvapa nayo muripo (somuenzaniso: chipo chekadhi, zvokudya, chipo, midziyo yechikoro) uyezve ndiyani achazvi gamuchira – mwana here, vabereki, variritiri, kirasi, kana nharaunda.

6.5

Sarudza musi ne nguva yauchataura nezve muripo (pakukumbirwa kwemvumo, kana vana vabvuma kutora chikamu kana kuti panopera tsvakurudzo?)

Panofanira kunge paine bhajeti yetsvakurudzo yechirongwa chinoda kuitwa, mari iyi inosanganisira mari yekufambisa, pekugara, zvekudya, vaturikiri, ruvazhe rwakanaka kuvana, zvinga ndikanwa pakutaura nevana (somuenzaniso : kiti dzokutamba uye kurapa vana), nguva yevashandi uye kudeedza maricho ana mazvikokota vekunze.

Kubhadharawo futi vana mazvikokota vemunharaunda vanotora chikamu kunoda kuitwawo. Kuonesana maererano nekupihwa kwemari kunoda kuti kuitike kuitira kuti pasaita makakatanwa panhau dzemari pakati pe vatori vezvikamu, uyezve kurasikirwa nemari yavo vachiuya kuchirongwa, vasauyire mari chete kuchirongwa sezvo pachizogona kuva nekupihwa kweruzivo rusiririwo.

6.6

Muripo haupo kukweva vanhu kuti vatore chikamu.

6.7

Kutora chikamu hakufanire kuti panofanira kuva nekurasikirwa nako kwemari kana kuti mwana apotse zvimwe zvinhu zvakakosha zvakaita sekuenda kuchikoro nezvimwewo.

6.8

Mitengo inosanganisira kuvapo kwevana pachirongwa yariyiwa somuenzaniso: zvokufambisa, pokurara, zvokudya, vatutikiri, nzvimbo kana nharaunda, midziyo yekutaura nayo ne vana nezvimwewo).

* muripo iyi ndeye kukurudzira vana kuti vatore zvikamu mutsvakurudzo. izvi zvinogona kuva mumari kana mavhocha . Kushandiswa kweku kwezva vana nemari kunopokana nezviri pamutemo. 'Verenga' Graham, A., Powell, M., Taylor, N., Anderson, D. & Fitzgerald, R. (2013). Ethical Research Involving Children. Florence: UNICEF Office of Research – Innocenti; p.89.

7. KUPESANA KUNOITIKA PANE ZVINODIWA

Pese panoitwa tsvakurudzo pane kupesana panezvinodiwa kungangoitika, izvi zvinogona kukaganisa zvinobuda patsvakurudzo. Kusawirirana kunonyanyo wanikwa pane nyaya dzemari. Izvi zvinogona kusanganisira kuronga tsvakurudzo dzine chekuita nezvinodiwa nemupi wemari uyezve zvinodiwa nevapi vemari maererano nekushandiswa kwemari pazvirongwa.

Basa netsika dzinotenderwa

7.1

Panoda kunanzererwa kuti kupesana kungagona kuitika pane zvinodiwa kwabudiswa pachena uyezve kunyorwa kwazvo mudhizaini yetsvakurudzo uyezve kuvepo kweru wirirano rwekuti zvicha gadziriswa sei.

7.2

Vatsvaki vetsvakurudzo havafanire kuva nezvavo zvavanotenda zvinogona kukonzera rusarura kana kuti mafungiro anopokana nezvavari kudzidza.

7.3

Vapi vemari vanogona havo kuisa zvekushandisa padhizaini yetsvakurudza, asi havafanire kuiswa paku ongororwa kwe zvinenge zvakubuda musarudzo.

Kupesana kunogona kuuya kuburikidza nezvimwe zvinonge zvichikwikwidza zvakaita sekuwedzera fudho, kupa nguva kuhama neshamwari, kana kumamiriro etsvakurudzo dzinoda kuitwa. ('Zvimiso zvakamiswa 'zvinoreva izvo pesvedzero dze magariro kana zvevatongerero enyika zvinogona kusundira kuti tsananguro yezvinenge zvakabuda mutsvakurudzo ishandurwe).

Vatsviki vetsvakurudzo vanofanira kuziva 'zvimiso zvakamiswa 'kana masimba aripo. Panoda kuti pavhunzwe vanamazvikota maererano nezvingaitwe kudzivisa kuchinjwa kwemazwi evatori vezvikamu.

7.4

Ongororo yebato rechitatu inofanira kunge iri panzvimbo kudzivirira kupesana kungango muka pane zvinobuda.

7.5

Zvinobuda patsvakurudzo zvinofanira kutaurwa sezva zviru, zvine chokwadi uye zvakakwana (pasina kubiwa ruzivo kubva kune umwe, kunyora zvekunyepa kana kuwedzerera pane zvinenge zvakabuda musarudzo).

DANHO 3:

KUONGORORWA KWEZVINO KUVADZA NEZVINO VAKA

Kana tsika dzezvino tendererwa dzanzverewa, unofanira kuita zvose zviri pamutemo nezvinotenderwa pakuongorora zvakanakira nezvakashatira tsvakurudzo yako. Izvi zvinosanganisira kufunga pfungwa dzezvakanakira nezvingango konzera njodzi patsvakurudzo yako.

- a) Uchishandisa tafura, doma njodzi dzingango sanganiwa nadzo uyezve zvakanaka zvingabuda mutsvakurudzo yako.
- b) Tsvaga nzira dzeku wedzera zvakanaka zvingango buda mutsvakurudzo nezvingango shomaradza.
- c) Ipa zvibodzwa kunzira idzi dzunenge wasarudza, uone kuti dzinobastira here pakubvisa njodzi (zvachose, mbichana here, kana kuti kwete).
- d) Nyora tafura iri nema 'Tar':
 - Kana ukawana zvibodzwa zvakanaka ne njodzi shomasa, pfurira mberi.
 - Ikana ukawana zvibodzwa zve zvakashata zvakawanda, panoda kuti pagadziriswe kana kusaenderera mberi netsvakurudzo yacho .

DANHO 4:

ONGORORO YEMUNHU WECHITATU

Chero pakanatswa zvinengeyi maererano nekutevedzera nhungamiro dziri pamutemo, pakupedzisira pane kutonga kwekosha nekwedunga munhu kunoitika uye kunouya nekuturikira kwakasiyana siyana. Musimbati wekutedzera zvido zvevana pakutanga wakakosha asi paneimwe nguva hunosangana nematabudziko uyezve kunetsa kutevedzera pane imwe nguva

Apa ndipo panotsvakika ongororo yevamwe vanhu (ongororo yemunhu wechitatu) vangabatsire. Kune dzimwe nyika unogona kukumbirwa pamutemo kuti uvape dhizani yetsvakurudzo yako kuti utenderwe ne Institutional Review Board (zvechikoro kana zvehurumende). Kana usinga kumbirwe pamutemo, unokwanisa kungo tsvaga vanhu vano kubatsira kuongorora basa rako – kana kugadzira komiti kana boka rinana mazvikokota vekunze vanogona kukupa rutsigiro nemhinduro inovaka (inodaniwa pane imwe nguva ichinzi Komiti yetsvakurudzo nekuraira).

Makomiti aya anogona kukutsigira patsvakurudzo imwe kana pane zvirongwa zvakawanda. Komiti iyi inofanira kunge inana mazvikokota, vanoona nezvekuchengetedzwa kwevana, vanhu vane ruzivo rwekuita tsvakurudzo nevana muzvina fundo. Vanhu vekomiti iyi vanogona kushandira kure kana kupota vachisangana kuti vaongorore hurongwa hwetsvakurudzo yako uye tafura yekuongorora zvakanaka nenjodzi nekukupa mhinduro.

ZVINOVAKA

Zvemagariro: _____

MHEDZISIRO

Zvinga itwe pamu tem o zvinow edzera kunaka: _____

Zvehupfumi: _____

MHEDZISIRO

Zvinga itwe pam ute mo zvino wedzera kunaka: _____

Zvepfungwa: _____

MHEDZISIRO

Zvinga itwe pamu te mo zvino wedzera kunaka: _____

Zvemutemo: _____

MHEDZISIRO

Zvinga itwe pam ute mo zvino wedzera kunaka: _____

Zvematongerwo enyika: _____

MHEDZISIRO

Zvinga itwe pam ut emo zvin owdzera a kunaka: _____

Zvimwe: _____

MHEDZISIRO

Zvinga itwe pamu te mo zvino wedzera kunaka: _____

Pamwe chete

ZVINE NJODZI

Zvemagariro: _____

MHEDZISIRO

Zvingaitwe pamutemo zvinowedzera kunaka: _____

Zvehupfumi: _____

MHEDZISIRO

Zvingaitwe pamutemo zvinowedzera kunakas: _____

Zvepfungwa: _____

MHEDZISIRO

Zvingaitwe pamutemo zvinowedzera kunaka: _____

Zvemutemo: _____

MHEDZISIRO

Zvingaitwe pamutemo zvinowedzera kunaka: _____

Zvematongerwo enyika: _____

MHEDZISIRO

Zvingaitwe pamutemo zvinowedzera kunaka: _____

Zvimwe: _____

MHEDZISIRO

Zvingaitwe pamutemo zvinowedzera kunaka: _____

Pamwe chete

**ZVINOVAKA MAINASI
 ZVINE NJODZI:**

_____ - _____ = _____



328/1 Phaya Thai Road, Ratchathewi, Bangkok, 10400 THAILAND
Tel: +662 215 3388 | Email: info@ecpat.org
Website: www.ecpat.org